



*Lekòl Piblik Boston*

# **Soumisyon Deklarasyon Enterè MSBA**

Nathan Kuder, Direktè Finansye  
Indira Alvarez, Direktris Operasyon

# Elèv, Fanmi, ak Manm Pèsonèl nou yo Merite



**Aksè Ekitab**



**Bilding Fòmidadab**



**Previzibilite ak  
Transparans**

# Eksplwatasyon fon eta a pou divès pwojè enfrastrikti

Yo arive apwouve Lekòl Piblik Boston pou anviwon 217\$ milyon ranbousman ki sot nan men MSBA depi 2015 (MSBA se yon abrevyasyon ki vle di : Otorite Bilding Lekòl Massachusetts).

- **Pwogram Prensipal la** : Divès pwojè pou kouvri plizyè reparasyon, renovasyon, adisyon/renovasyon, ak konstriksyon nouvo lekòl.
- **Pwogram Reparasyon Akselere a (ARP)** : Divès pwojè pou kouvri reparasyon, oswa ranplasman, twati, fenèt/pòt, ak aparèy chofaj dlo nan yon bilding ki ta otreman gen bon strikti
- **Pwopoze divès pwojè pou soumisyon pou ane finansye 2022 (sa mande vòt Komite Skolè a)**
  - Pwogram Reparasyon Akselere
    - Ranplasman aparèy chofaj dlo nan lekòl Burke, Curley, Haley, ak Warren-Prescott
    - Ranplasman twati lekòl Henderson Upper ak lekòl Ohrenberger
    - Ranplasman twati ak fenèt lekòl English High School
  - N ap tounen avèk plis enfòmasyon sou Pwojè Prensipal Pwopoze yo



# Divès Egzijans Pwogram Reparasyon Akselere a

Sou baz kalifikasyon Pwogram Reparasyon Akselere a, yon distri pa dwe depoze yon Deklarasyon Enterè si ke :

- laj sistèm nan pi piti pase divès kritè laj ki pibliye a ;
- nou prevwa ke pri pwojè pwopose a ap mwens ke 250.000\$ ;
- distri a jije ke lekòl la gen twòp moun ;
- distri a ap konsidere bilding nan pou yon inifikasyon potansyèl ;
- itilizasyon prensipal bilding nan se pou objektif ki pa objektif edikatif ;
- lekòl la sèvi elèv lekòl matènèl sèlman ;
- Deklarasyon Enterè a, li menm, ap chèche konstriksyon ki ale odela twati, fenèt/pòt, oswa aparèy chofaj dlo ;
- Deklarasyon Enterè a, li menm, se pou bi konstriksyon aparèy chofaj dlo, ki pa enkli depo ak/oswa livrezon luil chofaj, odela limit fizik chanm chofri ki deja egziste yo ;
- yon kondisyon bilding ki pa idantifye nan Deklarasyon Enterè a te rete san rezoud depi yon egzaminasyon Deklarasyon Enterè MSBA presedan ;
- distri a planifye yon fiti pwojè konstriksyon pou patisipasyon MSBA ki ale odela twati, fenèt/pòt, ak aparèy chofaj dlo pou lekòl la ;
- distri a pa kapab finanse yon konsepsyon chematik nan yon espas tan de (2) mwa aprè yon envitasyon ak yon total bidjè pwojè nan yon espas tan 12 mwa aprè yon envitasyon ;
- oubyen si distri a ap egzamine divès lakin nan bilding yo pou idantifye bezwen l yo ak priyorite l yo plis.

## Soumisyon pou Reparasyon Akselere

**Bilding sila yo ki satisfè divès egzijans Pwogram  
Reparasyon Akselere a (ARP), e ki itilize tout  
ranbousman nou an**

**Aparèy Chofaj dlo (ki an fonksyon depi 30 a 50 an, oswa plis)**

- **Haley**
- **Curley**
- **Burke**
- **Warren-Prescott**

**Twati (ki la depi plis pase 25 an)**

- **Henderson Upper**
- **Ohrenberger**

**Twati/Fenèt (ki la depi plis pase 25 an)**

- **Angle**

## Pwochè Etap Otorite Biding Lekòl Massachusetts la (MSBA)

- Konsèy Vil la ak Komite Skolè a ap vote pou apwouve soumisyon Deklarasyon Enterè a bay MSBA
- Deklarasyon Enterè Pwogram Reparasyon Akselere yo ap soumèt bay MSBA pa pi ta ke 25 mas, 2022
- Deklarasyon Enterè yo dwe soumèt bay MSBA pa pi ta ke 28 avril, 2022, n ap retounen kot Konsèy la
- Ete jiska Otòn 2022, MSBA ap egzamine Deklarasyon Enterè ki te soumèt toupatou nan eta a
- Fen otòn 2022/kòmansman ivè 2023, MSBA ap pran desizyon sou soumisyon Pwogram Reparasyon Akselere yo ak Deklarasyon Enterè Prensipal yo

Pwochè Etap yo